


BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Désain nu dipaké dina ieu panalungtikan digambarkeun dina bagan ieu di handap.

Désain Panalungtikan



3.2 Méthode Panalungtikan

Nurutkeun Narbuko (2009: 1), métode nya éta cara nu luyu pikeun ngalakukeun hiji hal. Ku kituna, sagala hal nu baris dilakonan kudu maké métodé nu luyu pikeun ngahontalna, kaasup dina ngalaksanakeun hiji panalungtikan. Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta metode déskriptif analisis, hartina ngayakeun kagiatan panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis hasil panalungtikanana.

Méthode déskriptif tujuanana pikeun ngadéskripsikeun, nyieun gambaran sacara sistematis, faktual, sarta akurat ngeunaan fakta-fakta jeung sipat-sipat populasi atawa daérah nu tangtu (Suyatna, 2002: 14). Dina ieu panalungtikan, tujuanana pikeun ngadéskripsikeun kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis, sajarah, jeung simbol-simbol dina éta kasenian, sarta ngalarapkeunana dina bahan pangajaran “Maca bahasan kasenian” di SMA kelas XII. Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé ngadéskripsikeun hasil analisis simbol-simbol nu kapaluruh tina éta kasenian, kalayan maké téori semiotik Pierce (ikon, indéks, jeung simbol).

Nurutkeun Suryabrata (2010: 76), sacara harfiah, panalungtikan déskriptif tujuanana nya éta nyieun déskripsi ngeunaan situasi-situasi atawa kajadian-kajadian. Hartina, panalungtikan déskriptif mangrupa akumulasi data dasar dina cara déskriptif wungkul, henteu *saling berhubungan*, henteu nguji hipotésis, henteu nyieun ramalan, sarta henteu meunangkeun *makna implikasi*.

3.3 Téhnik Panalungtikan

3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik telaah pustaka, wawancara, obsérvasi, jeung dokuméntasi. Satuluyna dipedar saperti ieu di handap.

1) Téhnik telaah pustaka

Téhnik telaah pustaka nya éta téhnik ngumpulkeun data nu mangrupa sumber tinulis pikeun néangan tur nangtukeun tatapakan téoritis anu aya patalina jeung simbol-simbol budaya dina kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis pikeun bahan pangajaran maca di SMA.

2) Téhnik wawancara

Téhnik wawancara nya éta téhnik nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nu mangrupa sumber lisan, ku cara ngawawancaraka sakumna warga Ciamis nu apal pisan kana kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis, katut hal-hal nu aya patalina, sarta boga pangalaman ngeunaan éta kasenian. Kagiatan wawancara nu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan mangrupa wawancara *semi terstruktur*. Ieu hal luyu jeung pamanggih Maryaeni (2005: 70), nu nétélakeun yén dina prak-prakan wawancara *semi terstruktur*, najan geus diarahkeun ku sajumlahing daptar pertanyaan, henteu nutup kamungkinan ayana pertanyaan-pertanyaan anyar nu muncul sacara spontan saluyu jeung kontéks paguneman nu dilaksanakeunana.

3) Téhnik obsérvasi

Téhnik obsérvasi nya étatéhnik nu dipaké pikeun ngumpulkeun data ngeunaan kasenian Ronggég Gunung, sajarah, fungsi, bédana jeung kasenian Ronggég Kalér, sarta simbol-simbol budaya nu nyampak dina éta kasenian. Obsérvasi dilaksanakeun ku cara niténan sakabéh data nu aya patalina jeung éta kasenian, sarta ngajugjug tempat kasenian Ronggég Gunung nu ditalungtik, nya éta di Désa Panyutran Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis.

4) Téhnik dokuméntasi

Téhnik dokuméntasi nya éta téhnik nu dipaké pikeun ngumpulkeun data nu mangrupa hasil dokuméntasi kasenian Ronggég Gunung, saperti foto. Salian ti éta, lumangsungna panalungtikan ogé didokuméntasikeun pikeun bukti geus dilaksanakeunana panalungtikan ngeunaan simbol-simbol budaya dina kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis.

3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Sanggeus data hasil panalungtikan bisa dikumpulkeun, saterusna dilakukeun kagiatan ngolah data. Téhnik ngolah data nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta ku cara mariksa data nu geus dikumpulkeun ngeunaan kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis, anu satuluyna éta data téh didéskripsikeun jeung dilarapkeun dina bahan pangajaran “Maca bahasan kasenian” di SMA kelas XII. Data ngeunaan simbol-simbol budaya nu kapaluruh tina éta kasenian, satuluyna dianalisis maké téori semiotik Pierce (ikon, indéks, jeung simbol). Sanggeus éta, nyieun kacindekan tina data nu geus didéskripsikeun jeung dianalisis.

3.4. Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2006: 129), sumber data dina panalungtikan nya éta subjék nu bisa dipaké pikeun meunangkeun data. Sumber data nu dipaké dina ieu panalungtikan, nya étawarga Kabupatén Ciamis nu apal pisan kana kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis, katut hal-hal nu aya patalina, sarta boga pangalaman ngeunaan éta kasenian.

3.5 Wangenan Operasional

Pikeun nyingkahan ayana salah tapsir ti nu maca, judul tina ieu panalungtikandijéntrékeun dina wangenan operasional ieu di handap.

- 1) Simbol-simbol budaya nya éta lambang tina hiji kabudayaan anu ditapsirkeun gumantung kana konvénsi masarakatna. Sagala hal ngeunaan simbol diulik ku élmu semiotik. Ku kituna, pedaran ngeunaan simbol tangtu moal leupas tina élmu semiotik. Dina ieu panalungtikan, nu ditalungtikna nya éta simbol-simbol budaya dina kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis. Téori semiotik nu dipaké tatapakanana nya éta téori semiotik Pierce, nu nétélakeun ayana tilu rupa tanda dina semiotik, nya éta ikon, indéks, jeung simbol;
- 2) Kasenian Ronggég Gunung mangrupa salasa hiji kasenian nu asalna ti Kabupatén Ciamis. Dina prak-prakanana, dipintonkeun hiji sindén anu pancénna ngibing jeung nembang, sarta dipirig ku alat musik anu basajan (hiji kendang, tilu ketuk/kenong, jeung hiji goong). Gerakanana leuwih museur kana gerakan suku. Nu ngibingna sacara kelompok ngawangun buleudan nu

ngurilingan ronggéngna. Dina ieu panalungtikan, nu ditalungtikna nya éta kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang; jeung

- 3) Bahan pangajaran maca di SMA nya éta salasihiji komponén pangajaran nu eusina mangrupa matéri pangajaran nu patali jeung élmu pangaweruh sarta pamahaman nu kudu dikawasa ku guru jeung siswa SMA dina pangajaran maca. Dina ieu hal, maksudna pangajaran maca di SMA kelas XII, nya éta pangajaran “Maca bahasan kasenian” anu matéri tina hasil panalungtikan simbol-simbol budaya dina kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis.

Jadi, maksud tina judul “Simbol-simbol Budaya dina Kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA” nya éta tarékah pikeun ngadéskripsikeun sarta nganalisis simbol-simbol budaya nu nyampak dina kasenian Ronggég Gunung anu salila ieu can kapaluruh, sarta ngalarapkeunana dina bahan pangajaran “Maca bahasan kasenian” di SMA kelas XII .

3.6 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nu dipaké dina hiji panalungtikan bakal nangtukeun kahontal henteuna tujuan tina éta panalungtikan. Instrumén panalungtikan nya éta sakabéh alat nu dipaké pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) *Handphone*, nu dipaké pikeun ngarékam lumangsungna kagiatan wawancara dina prosés ngumpulkeun data ka sakumna warga Ciamis nu apal pisan kana

kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis, tapi narasumberna henteu apal yén éta kagiatan wawancara téh dirékam ku nu ngawawancara;

- 2) Kaméra digital, nu dipaké pikeun dokuméntasi kagiatan obsérvasi jeung wawancara nu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan; jeung
- 3) Pedoman wawancara, nu dipaké pikeun ngawawancara ka sakumna warga Ciamis nu apal pisan kana kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis. Pertanyaan-pertanyaan nu diasongkeun nalika lumangsungna kagiatan wawancara nya éta:
 - a. Naon nu dimaksud kasenian Ronggég Gunung?
 - b. Kumaha sajarah kasenian Ronggég Gunung?
 - c. Naon waé fungsi kasenian Ronggég Gunung?
 - d. Naon bédana kasenian Ronggég Gunung jeung Ronggég Kalér?
 - e. Naon waé simbol-simbol nu aya dina kasenian Ronggég Gunung sarta naon hartina?

3.7 Léngkah-léngkah Panalungtikan

Aya opat léngkah nu dijadikeun patokan dina ieu panalungtikan, nya éta (1) tahap tatahar; (2) tahap ngumpulkeun data; (3) tahap ngolah data; jeung (4) tahap nyusun laporan panalungtikan. Satuluyna dipedar leuwih jéntré saperti ieu di handap.

1) Tahap tatahar

Léngkah-léngkah dina tahapan tatahar, nya éta (1) ngajukeun judul panalungtikan; (2) nyusun rancangan panalungtikan; (3) ngayakeun survéy awal; (4) ngurus surat ijin panalungtikan; jeung (5) konsultasi ka dosén pangaping.

2) Tahap ngumpulkeun data

Léngkah-léngkah dina tahapan ngumpulkeun data, nya éta (1) telaah pustaka pikeun meunangkeun pamahaman awal ngeunaan kasenian Ronggég Gunung; (2) wawancara ka sakumna warga Ciamis nu apal pisan kana kasenian Ronggég Gunung; (3) obsérvasi ka tempat kasenian Ronggég Gunung nu ditalungtik, nya éta di Désa Panyutran Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis; jeung (4) ngadokuméntasikeun kagiatan panalungtikan.

3) Tahap ngolah data

Léngkah-léngkah dina tahapan ngolah data, nya éta (1) mariksa data nu geus dikumpulkeun; (2) ngadéskripsikeun data ngeunaan kasenian Ronggég Gunung di Kecamatan Padahérang Kabupatén Ciamis; jeung (3) nganalisis data ngeunaan simbol-simbol budaya nu aya dina éta kasenian, kalayan maké téori semiotik Pierce (ikon, indéks, jeung simbol).

4) Tahap nyusun laporan panalungtikan

Nyusun laporan panalungtikan mangrupa tahapan pamungkas dina ieu panalungtikan. Léngkahna nya éta ku cara nyusun laporan sacara sistematis dina wangun skripsi.